



BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Kasénian Jentréng mangrupa kasénian anu aya tina pola hirup masarakat Rancakalong nya éta melak paré (agraris). Jentréng mangrupa upacara ritual anu miboga unsur magis. Disebut miboga unsur magis lantaran nalika jentréng digelar sok loba anu kasurupan. Salian ti éta jentréng mangrupa wujud syukur ti masarakat ka Dewi Sri (paré).

- 1) Prak-prakan pagelaran kasénian Jentréng dibagi tilu tahap, nya éta tahap tatahar, tahap magelar kasénian Jentréng jeung tahap panutup.

Nalika tatahar nu kudu disiapkeun nya éta sasajén jeung alat, sasajén di antarana nya éta; Paré dua geges, parukuyan, menyan, boéh, kendi, hanjuang, hihid, tampolong, poci, keris, cai, duwegan, bubuahan, bebeutian, rurujakan, duit, endog, puncak manik, papais, bugis, dupi, lepet, bubur bereum, bubur bodas, bakakak jeung congcot mulus, liwet, tujuh rupa petis, candil, rujak kembang, sarikaya, béas, bangsal, roko gudang garam bereum, surutu, roko daun kawung, tumpeng, kembang tujuh rupa, cai dina wadah maké kembang jeung duit, seupaheun, tékték, daging sapi atawa daging domba atah, balagudeg, paré ketan, sarupaning kadaharan, kadaharan hahampangan, panggang lauk emas bereum jeung lélé. Salian ti nataharkuen sasajén, nu kadua kudu nataharkeun alat nu dipaké nalika Jentréng, nya éta kacapi, rebab jangkung, sapangadeg pakéan anu boga hajat, sapangadeg pakéan pikeun saéhu jeung karémbong tilu rupa.

Dina tahap nu ka dua jeung ka tilu, nya éta tahap prungna magelarkeun Jentréng nepi ka réngséna, aya sapuluh léngkah anu kudu dipilampah. (1) Bubuka, (2) ngalungsurkeun, (3) nétés atawa nyawér, (4) masrahkeun karémbong ti saéhu lalaki ka saéhu awéwé, (5) ibing saéhu awéwé, (6) hiburan awéwé, (7) hiburan lalaki, (8) nginebkeun, (9) babagi, jeung (10) bébérés.

- 2) Kasenian jentréng mangrupa kasenian nu miboga ajén sosial. Ajén sosialna nya éta kakeluargaan (KKG) 10%, silaturahmi (SLT) 7,8%, silih hargaan atawa silih ajénan (SH) 11%, silih tulungan (ST) 7,2%, silih asah (SA) 3,7%, silih asih (SI) 4,7%, silih asuh (SU) 4,4%, gawé bareng (GB) 5,3%, kakompakan (KK) 5,6%, silih élédan (SE) 4,4%, étika atawa sopan santun (ETK) 6,9%, silih butuhkeun (SB) 7,8%, silih geuingkeun (SG) 8,4%, jeung silih lengkepan (SL) 12,2%.
- 3) Ajén inajén anu kapanggih dina kasenian Jentréng kabéh ge masih luyu jeung kahirupan masarakat Jaman kiwari, lantaran mangrupa ajén positif pikeun kahirupan. Anapon aya nu kurang luyu nya éta wangun barang anu geus hésé kapanggih dina kahirupan sapopoé, ayana ngan dina acara nu tangtu, conto: balagudeg.
- 4) Minangka lajuninglaku, ieu kasenian jentréng dijieun pedaran dina wangun tinulis, sangkan bisa dijadikeun bahan pangajaran ngaregepkeun jinis-jinis pedaran kasenian daérah di SMP kelas VIII.

5.2 Saran

Dumasar hasil panalungtikan ngeunaan ajén sosial dina kasenian Jentréng, saran bisa di tétélakeun saperti ieu di handap:

- 1) Dina kasenian Jentréng leubeut ku rupa-rupa ajén sosial. Ku kituna, kasenian Jentréng kudu dimumulé ku masarakat Tatar Sunda umumna masarakat Rancakalong hususna.
- 2) Ajén sosial anu kapanggih dina kasenian Jentréng aya anu masih luyu jeung aya anu geus teu luyu. Ku kituna, pikeun ngungkulan ajén anu geus teu luyu, kudu aya modifikasi sangkan luyu jeung kahirupan Jaman kiwari.
- 3) Kasenian Jentréng miboga ajén inajén anu linuhung pikeun mageuhan solidaritas sarta karukunan masarakat. Ku kituna, pantes dijadikeun bahan pangajaran.
- 4) Pamungkas, ieu panalungtikan ngan medar tur maluruh ngeunaan ajén sosial dina kasenian Jentréng hungkul. Ku kituna, perlu aya panalungtikan séjén anu leuwih jembar medar ngeunaan Jentréng ditilik tina unsur séjén.

